दिन– मंगलवार दिनांक–25.06.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ संपादक– कृष्ण कुमार लाल
अवधिः–05 मिनट टंकक– राहुल कुमार

---

भारतीय अंतरिक्ष यात्री शुभाशु शुक्ला स्पेसएक्स ड्रैगन अंतरिक्ष यान पर सवार भऽ कँ एक्सिओम–4 मिशनक लेल विदा भऽ गेलथि। श्री राकेश शर्माक बाद चारि दश कमे अंतरिक्ष मे जायबला पहिल भारतीय बनलैथि शुभांशु शुक्ल। एक्सिओम–4 काल्हि सांझ साढ़े चारि बजे अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन सँ जुड़त।

अंतरिक्ष सँ देल गेल संदेश मे ग्रुप कैप्टन शुक्ला कहलनि जे ई एकटा अद्भूत यात्रा अछि। ओ कहलनि जे भारत 41 साल बाद एक बेर फेर सँ अंतरिक्ष मे अछि। ग्रुप कैप्टन शुक्ला इहो कहलनि जे ई यात्रा अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशनक शुरूआत नहि अछि, अपितु भारतक मानव अंतरिक्ष कार्यक्रम शुरूआत अछि।

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू भारतक लेल अंतरिक्ष मे नव उपलब्धि हासिल करबाक लेल कैप्टन शुक्ला के बधाई देलथि।

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि शुभांशु शुक्ला 140 करोड़ भारतीय सभक उम्मीद आओर आकांक्षा के लऽ कँ आगु बढ़ि रहल छथि।

---

केन्द्रीय अंतरिक्ष राज्यमंत्री डॉक्टर जितेन्द्र सिंह ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला कँ बधाई देलनि। एकटा सोशल मीडिया पोस्ट मे डॉक्टर सिंह कहलनि जे ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला, अंतर्राष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशनक मिशन पर जायबाल पहिल भारतीय अंतरिक्ष यात्री छथि।

---

आइ संविधान हत्या दिवस अछि। आजुक दिन हमरा सभकँ एहि घटनाक स्मरण करबैत अछि। जखन, पचीस जून उन्नैस सय पचहत्तरि कँ संविधानक गला घोटि कँ देश पर आपातकाल थोपि देल गेल छल। आजुक दिन आपातकाल सँ पीड़ित सभ व्यक्ति कँ श्रद्धांजलि देबाक दिन अछि। संविधान हत्या दिवसक अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आपातकालक विरूद्ध लड़ाई मे डटल रहयबला सभ व्यक्ति के नमन कयलनि। सोशल मीडिया पर एकटा पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे आइ आपातकालक पचास साल पूरा भऽ

रहल अछि, जे भारतक लोकतंत्रक इतिहास मे एकटा कारी अध्यय अछि। ओ कहलनि जे ऐहि दिन भारतीय संविधान मे निहित मूल्य के दरकिनार कऽ देल गेल आओर मौलिक अधिकार के निरस्त कऽ देल गेल छल।

———————————————————————

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह कहलक जे आपातकाल कांग्रेसक सत्ताक भूख सँ प्रेरित अन्यायक युग छल। संविधान हत्या दिवसक अवसर पर श्री शाह सोशल मीडिया पर एकटा पोस्ट मे कहलपि जे आपातकाल कोनो राष्ट्रीय आवश्यकता नहि छल, अपितु ई कांग्रेस आओर एकटा व्यक्तिक लोकतंत्र विरोधी मानसिकताक प्रतिबिंब छल। श्री शाह एहि संघर्ष मे अपन प्राणक आहुति देबयबला सभ व्यक्ति के श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आपातकाल कँ मोन पाड़ैत एकरा तत्कालीन सरकारक तानाशाहीक प्रतीक कहलनि अछि। एकटा सोशल मीडिया पोस्ट मे मुख्यमंत्री कहलनि जे बिहार सदिखन संविधान, न्याय, स्वतंत्रता आओर सामाजिक न्यायक भावना कँ अपन विकासक मार्ग बनौलक अछि। ओ लोक सभ सँ संविधानक आदर्शक रक्षाक लेल सदिखन सजग आओर तत्पर्य रहबाक अपिल कयलनि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे आयोजित एकटा कार्यक्रम मे बिहार लोक सेवा आयोग द्वारा चयनित सहायक वास्तुविद सभक बीच नियुक्ति पत्रक वितरण कयलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा समेत राज्य मंत्री मंडलक कतेको सदस्य उपस्थित छलथि।

———————————————————————

निर्वाचन आयोग बिहार विधानसभा चुनाव कँ देखैत सूचिक पुनर्मूल्यांकन शुरू कयलक अछि। कार्यक्रमक तहत बूथ लेवल अधिकारी, मतदाता के सत्यापनक लेल घर–घर जा कँ सर्वेक्षण कऽ रहल अछि। मददाता सूचिक पुनर्मूल्यांकक उद्देश्य ई सुनिश्चित करब अछि जे सभ पात्र नागरिक सभाक नाम मददाता सूचि मे शामिल कयल जाय, ताकि चुनाव प्रक्रिया मे पारदर्शिता सुनिश्चित भऽ सकय।

———————————————————————

मौसम विभाग जनौलक अछि जे मॉनसूनक टर्फ रेखा दक्षिणक दिश घुमि गेल अछि। एकरा प्रभाव सँ राज्य मे बरखाक गतिविधि मे कामी आयोत। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक पूर्वानुमानक अनुसार राज्यक उत्तर–पूर्वी, पश्चिमी आ दक्षिण–पूर्व भाग मे गरजन संग बरखाक आ बिजली खसबाक संभावना अछि।

———————————————————————

समाप्त